

Evite Anpwazonman nan Pwodui Netwayaj yo

Netwayaj se yon fason enpòtan pou redui mikwòb. Men, anpil jèn timoun te anpwazonnen nan pwodui ki fèt pou touye mikwòb. Si timoun yo ka anpwazonnen menmsi yo vale yon vyepti kal nan pwodui sa yo. Anpwazonman kapab lakòz konfizyon, vomisman, dòmi san rete, malkadi, twoub respirasyon, e menm lanmò. Suiv ti konsèy ki anba yo pou kenbe pitit ou an sekirite.

1

Aji Vit

Kontakte Kontwòl Pwazon si ou panse yon timoun te vale oswa te manyen yon bagay ki ta ka danjere pou li.

Rele: 800-222-1222
(pou pale gratis)

Ale sou sitwèb: www.poison.org

Kontwòl Pwazon disponib nan anpil lang. Yo kapab di w sa pou fè. Sèvis sa yo disponib nenpòt lè.

Rele 911 si yon timoun pèdi konesans oswa si li p ap respire.

2

Prepare ou

Sere nimewo telefòn pou Kontwòl Pwazon nan telefòn ou. Afiche li toupre chak telefòn ki lakay ou.

Aprann fason pou evite anpwazonman sou sitwèb **www.poison.org**.



3

Pa kite yo sou je

Kite pwodui yo nan resipyan yo vini yo. Sa gen ladan likid pou lesiv ak likid pou lave veso, dezenfektan pou men ak pwodui netwayaj. Sere yo kote timoun pap ka jwenn yo. Si ou mete ti boutèy dezenfektan pou men nan bous, nan valiz kouchèt, oswa nan machin, mete yo kote timoun pap ka jwenn yo.



4

Li Etikèt la

Swiv enstwiksyon ki sou boutèy la lè w ap itilize pwodui netwayaj yo. Lè w ap itilize kèk pwodui, ou ka bezwen mete gan oswa ou ka bezwen ouvri yon fenèt. Gen kèk ou pa dwe janm melanje ak lòt pwodui.

Gen kèk dezenfektan men ki danjere. Asire w dezenfektan pou men w lan ou pa gen yon engredyan ki rele metanòl ladan. Tcheke [lis dezenfektan men ou pa ta dwe](#) itilize pou w ka konnen si sa w ap itilize a pa reprezante yon danje. Ou pa ta dwe itilize dezenfektan men sou bebe yo oswa sou timoun ki poko gen 2 lane. Savon ak dlo pi bon pou lave men.



National Center on

Health, Behavioral Health, and Safety

1-888-227-5125

health@ecetta.info